



Jounen aksyon pou pwoteje klima nan konsève enèji: Mèkredi 5 fevriye

# Ann konsève enèji

**Èske w te konnen?** Nan Vil Nouyòk, itilizasyon enèji nan biling se pi gwo sous emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ki chofe ak polye planèt nou an. Lè nou pran aksyon senp tankou etenn limyè ak debranche aparèy lè nou pap itilize yo, nou ka fè yon enpak reyèl!

Patisipe avèk nou 5 fevriye pou chèche fason pou konsève enèji nan lekòl ak lòt kote.

Jwenn plis enfòmasyon sou jounen aksyon pou pwoteje klima a:

[on.nyc.gov/ClimateActionDays](http://on.nyc.gov/ClimateActionDays)

De fason Lekòl Leta Vil Nouyòk ap redui emisyon ki gen rapò avèk enèji:

**1 Ranplase enèji ki la avèk enèji pwòp, ki ka renouvele**

Yo déjà enstale 100 pwojè enèji solèy sou biling lekòl, epi gen plis ki sou wout.

**2 Amelyore efikasite**

Yo amelyore sistèm ekleraj ak mekanik pou yo itilize mwens enèji.

